



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE VIZYON DINAMIK, KI RANFÒSE KOMINOTE POU KANPIS CREEDMOOR KI PA ASE ITILIZE NAN EASTERN QUEENS**

*Plan Direktè konplè a prevwa plis pase 2,800 inite lojman, ki gen ladan lojman abòdab, epi satisfè lòt bezwen ak priyorite lokal yo tankou enstalasyon kominotè, espas ouvè ak ekipman ki nesèsè anpil*

*Plan an reflete yon gwo pwosesis vizyon kominotè ki te dirije an patenarya ak Prezidan minisipalite Queen, Donovan Richards*

*Konplete vizyon odasye Gouvènè Hochul la pou abòde kriz lojman Eta New York la atravè aksyon egzekitif – ki enkli inisyativ pou reyitilize sit eta a posede yo antanke lojman*

*Li plan direktè Creedmoor la [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a Plan Direktè Kominotè Creedmoor, yon kad kominotè pou reyamenajman tè yo pa ase itilize nan kanpis 50 ekta Sant Sikyatrik Creedmoor (Creedmoor Psychiatric Center) nan Eastern Queens. Plan an ap chèche transfòme apeprè 23 ekta nan kanpis Creedmoor Eta a posede, soti nan pakin sifas yo, devlopman eksesif, ak bilding vid yo pou vin yon nouvo kominote dinamik ki genyen kay, espas lwazi, vejetasyon, ak magazen nan katye yo. Se rezilta yon pwosesis planifikasyon kolaborasyon sis mwa Empire State Development ak Biwo Prezidan Minisipalite Queens te dirije, ki te fasilite avèk èd Atelye Konsepsyon Iben Metwopoliten an. Plan an, ke yo te pibliye jodi a nan reyinyon avèk sila yo nan kominote a ki enterese yo, disponib [isit la](#).

"Creedmoor reprezante yon opòtinite inik nan yon jenerasyon pou Nouyòkè yo reyimajine tè Eta a epi planifye pou bezwen k ap prezante alavni yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Travay ansanm nan patenarya pwodikatif avèk kominote a – epi gras a lidèchip Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards – nou ka bati plis lojman, kreye plis travay, ak ranfòse Eastern Queens pou pwochen jenerasyon an".

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare**, "Posibilite ki genyen devan nou sou kanpis Creedmoor la san limit, jan nouvo Plan Direktè Creedmoor la byen esplike sa. Kit se plizyè milye inite lojman, opòtinite istorik pou vin

pwopriyete kay, plas lekòl, enstalasyon kominote yo oswa lavant an detay, plan sa a reprezante pi gwo investisman nan Eastern Queens depi plizyè jenerasyon, epi mwen pa ta ka plis eksite pou travay ki gen pou fèt la. Sa te pran plizyè dizèn ane pou m rive nan moman sa a, epi mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul, Empire State Development ak rezidan Eastern Queens yo pou devouman san pran souf ak patenarya yo nan devlope pwopozisyon ki santre sou kominote sa a depi nan baz la. N ap fè istwa chak jou nan Queens, epi pwojè sa a se yon lòt egzanp sou bèl avni minisipalite nou an".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Aprè plizyè deseni pwomès sou Creedmoor yo pa t kenbe, jodi a Gouvènè Hochul, ESD, ak Prezidan Minisipalite a, Donovan, kanpe ansanm an patenarya ak kominote a pou sipòte plan konplè sa a pou ranfòse Eastern Queens. Vizyon sa a reprezante yon nouvo opòtinite pou katye ozalantou Creedmoor yo finalman avanse sou priorite lokal yo epi prepare pou bezwen kominote a k ap parèt yo".

Plan Direktè Kominote Creedmoor la entwodwi plis pase 2,800 inite nouvo lojman, avèk plis pase 55 pousan ki deziyen kòm pwopriyete kay. Sa a ap reprezante pi gwo nouvo investisman zòn lan nan lojman depi ane 1950 yo ak pi gwo ekspansyon li nan opòtinite pou vin pwopriyete kay nan prèske 50 ane. Plan an entwodui tou yon melanj opsyon lokasyon abòdab pou granmoun aje yo ak fanmi yo, epi kontinye yon istwa prèske 80 ane nan lojman veteran nan Eastern Queens lè li ofri moun ki te sèvi nan fòs lame yo aksè preferansyèl nan yon pòsyon nan inite pwojè a. Anplis de sa, Plan an deziyen apeprè 6 ekta tè pou espas ouvè epi rezève espas pou ekipman tankou yon sant rekreyasyon, yon etablisman gadri, yon lekòl, ak yon magazen nan katye.

Devlopman Plan an te enplike yon gwo pwosesis angajman kominote pandan sis mwa ki te gen ladan atelye an pèsòn ak vityèl ki te idantifye priorite tankou yon bezwen pou espas rasanbleman kominote, divès opsyon lojman, komès an detay nan katye a, ak transpò piblik amelyore. Aprè piblikasyon Plan an, Empire State Development (ESD) pral fòme Komite Konsiltatif Kominote Creedmoor la pou bay konsèy sou egzekisyon an. Pwochen etap yo gen ladan yo kòmanse yon pwosesis revizyon anviwònman an nan ane 2024. ESD pral kreye tou yon Plan Pwojè Jeneral epi li pral pibliye demann pou pwopozisyon (RFP) pou jwenn patnè devlopman ki pral aplike Plan an pa etap.

### **Reutilizasyon teren eta a pou lojman**

Gouvènè Hochul te anonse yon pake aksyon egzekitif nan kòmansman ane sa pou fè pwomosyon kwasans lojman nan kad yon angajman kontini pou ogmante apwovizyonman lojman epi abòde kriz lojman New York la. Nan kad pake sa, Gouvènè a te mande ajans eta yo verifye teren nan pwopriyete yo epi kontwòle epi detèmine si sit sa yo ka itilize pou lojman.

Yè, Gouvènè Hochul te pibliye yon pwopozisyon pou transfòme ansyen Etablisman Koreksyonèl Lincoln lan nan Vil New York pou tounen yon devlopman dinamik pou itilizasyon melanje ki gen 105 nouvo kay nan pri abòdab. Gouvènè a te anonse tou

demann pou pwopozisyon pou reyamenaje ansyen Etablisman Koreksyonèl Bayview ak Sit K Javits Center nan Manhattan ak ansyen Etablisman Koreksyonèl nan anba lavil Fishkill la avèk yon anfaz sou lojman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)